



Pou Piblikasyon Imedya: 15/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN KA KE OU TE RATE LI: ATIK OPINYON GOUVÈNÈ CUOMO NAN NEW YORK TIMES -- GOUVÈNÈ ANDREW CUOMO POU PREZIDAN TRUMP: NASYON AN BEZWEN YON AKSYON FEDERAL GLOBAL POU KONBAT KOWONAVIRIS KOUNYE A**

Jodia, The New York Times te pibliye yon atik opinyon Gouvènè Andrew M. Cuomo ekri ki mande Prezidan Trump pou mobilize lame a pou adrese kriz kowonaviris la. Tèks editoryal ke The New York Times te te pibliye a disponib [isit la](#).

Tèks konplè editoryal la disponib pi ba a.

Chè Mesye Prezidan,

Pandemi kowonaviris la sou nou, epi done yo ki soti nan lòt peyi yo montre nou klèman kote nou prale.

Chak peyi ki afekte ak kriz sa a te jere li dapre yon baz nasyonal. Etazini pa te jere sa. Gouvènman Eta ak lokal yo sèlman pa gen kapasite oswa resous pou fè sa ki nesèsè a, epi nou pa vle yon apwòch kole pyese nan politik yo.

Genyen kounye a yon kesyon ekip ou a dwe reponn pou ou: Èske nou kapab ralanti pwopagasyon maladi a nan yon vitès ke sistèm swen sante Eta nou yo kapab jere? Repons lan sanble non pi plis chak jou.

Men èske sa vle di nou pa ta dwe eseye. Genyen mwens opsyon disponib nan dat ta sa a, men gouvènman federal la ta dwe bouje pou egzekite yo rapidman. Genyen twa enperatif klè nou bezwen adrese:

Tès yo

Ralanti pwopagasyon kowonaviris depann de tès yo ak rediksyon dansite rasanbleman piblik yo. Kidonk premyèman, Mesye Prezidan, ou dwe anpeche Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) an ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention) yo reglemante yon fason eksèsif pwosesis tès la, epi otorize Eta yo sètifye yon pi gwo kantite laboratwa ak metòd pou tès yo.

Vandredi a, ou te di ke administrasyon ou an te dakò pou pèmèt depatman sante piblik Eta New York otorize laboratwa lokal yo reyalize tès kowonaviris Eta a apwouve yo —

yon bon premye pa. Administrasyon ou an te apwouve tou gwo volim tès otomotik ke fabrikan dyagnostik swiss Roche te fè a.

Men mezi sa yo ensifizan. Akòz gwo demann pou kit tès yo nan tout nasyon an, anpil laboratwa avèk machin Roche yo pa pral kapab jwenn ase kit tès konpayi an pandan pizyè semèn oswa plizyè mwa. Genyen lòt laboratwa ki kapab fè gwo volim tès kowonaviris ki pa itilize kit Roche yo. Men machin sa yo pa kapab itilize san apwobasyon F.D.A yo, ki sanse menm jan ak sa Roche te resevwa vandredi a.

Sa vle di ke pandan New York ap reyalize plizyè milye tès pa jou, nou toujou anba kapasite tès konplè nou akòz anpil laboratwa toujou depann de fèb vilim tès manyèl yo.

Mesye Trump, pa kite biwokrasi anpeche konba kont viris sa a. Kase blokaj la, kite Eta yo pran kontwòl tès yo dekwa pou yo kapab libere plizyè laboratwa demen epi reyalize tès yo nan gwo nivo. Se sèl fason nou pral kapab gen yon chans fè fas avèk pwopagasyon rapid kontajyon sa a.

Fèmte yo

Dezyèmman, fèmte lekòl ak biznis yo genyen enplikasyon federal, menm si sa yo se desizyon Eta a oswa lokal. Lè yon Eta fèmen biznis yo inilateralman, moun yo jeneralman travèse liy Eta yo pou chèche biznis lòt kote. Si objektif la se kenbe sitwayen nou yo lakay yo ak andeyò espas ki gen foul yo, enkoye sa yo nan politik Eta yo kont pwodiktif. Ta dwe genyen yon nòm federal inifòm pou lè vil yo ak Eta yo ta dwe fèmen komès ak lekòl yo, oswa anile evènman yo.

Tout entèripsyon sa a pral genyen yon enpak finansye ak ekonomik, yon asistans federal pral nesesè pou adousi kou a. Lè Lekòl yo fèmen, lokalite yo pral bezwen ede bay pwogram manje yo pou elèv yo ak pwogram swen timoun pou paran yo. Chomaj pral monte an flèch, menm jan ak depans pou asirans, swen sante ak edikasyon yo.

Gouvènman federal la dwe non sèlman mete yon èd disponib, li dwe tou asire ke asistans li a distribye nan fason ki klè, ki inifòm. Okenn Eta pa ta dwe penalize dèske li ap fè sa ki kòrèk la nan eseye pwoteje abitan li yo pandan kriz sa a.

Risk pou lopital yo

Twazyèmman, ou dwe prevwa ke, san aksyon imedya, echèk iminan sistèm lopital yo pratikman sèten. Dapre yon pwojeksyon, jiska 214 milyon moun nan peyi nou an kapab enfekte pandan pasaj epidemi an. Nan sila yo, jiska 21 milyon moun ta kapab egzije ospitalizasyon.

Sa tap kraze sistèm medikal nasyon an. Eta New York genyen jis 53,470 kabann, sèlman 3,186 ladan yo se kabann swen entansif. Peyi nou an total genyen mwens pase yon milyon kabann lopital ki gen pèsònèl, mwens pwopòsyonèlman pase Lachin, Kore Disid oswa Itali.

Mande ekspè ou yo, konbyen kabann swen entansif nou bezwen pou popilasyon vilnerab nou yo, epi konbyen nou genyen kounye a? Rate a anonse yon pi gwo echèk

ak yon sitiwayon ki pi mal pase sa nou ap wè nan Itali, kote lavi yo ap pèdi akòz peyi a pa genyen kapasite swen sante.

Eta yo kapab bati plis lopital, achte vantilatè oswa modifiye kapasite yo ase rapidman. Nan nivo sa a, pi bon espwa nou se itilize Kò Enjenyèr lame (Army Corps of Engineers) yo pou pwofite de ekspètiz li a, ekipman ak enèji moun yo ak etblisman aktyèl yo — tankou baz militè yo oswa dòtwa inivèsite — pou sèvi kòm sant medikal tanporè yo. Answit nou kapab dezinye kabann lopital aktyèl yo pou sila yo ki malad anpil.

Nou kwè ke itilizasyon pèsònèl Kò Lame ki nan sèvis aktif yo pa pral vyole lwa federal yo paske sa se yon katastwòf nasyonan. Fè sa ap toujou pa bay ase kabann swen sante, men li se pi bon espwa nou.

An rezime: Lokalize tès yo, federalize fèmti yo epi bay Kò Enjenyèr lame a pou etann kapasite lopital.

Mwen fè sijesyon sa yo pa tankou yon Demokrat men kòm youn nan gouvènè ki pi ansyen nasyon an ak yon ansyen sekretè kabinè ki konnen kapasite gouvènman federal la.

Nou te gen dezakò sou aksyon ou yo kont New York, ke nou ka pouswiv yon lòt lè. Jodi a, annou travay ansanm tankou ameriken. Tan an kout.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)